Nou tout gen pouvwa!

Ki jan ou sèvi avèk pouvwa pa w?

BAR

TÈS VIH / SIDA

BIWO LETA

VYO LANS NON!

NOU GEN DWA!

VYO LANS NON!

CHAN MAN!

Si w bezwen plis ransèyman sou *SASA!*, kontakte nou: Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • Beyond Borders (011) 202 686 2088 • www.beyondborders.net

Pou vèsyon orijinal *SASA!* ann Angle: www.raisingvoices.org/sasa

Tèks sa a, se yon adaptasyon vèsyon orijinal *SASA!* Raising Voices ak ilistrasyon atis Marco Tibasima.
Se yon ekip Repanse Pouvwa/Beyond Borders avèk atis Chevelin Pierre plis grafis EducaVision ki reyalize adaptasyon an pou Ayiti.

SASA!

An n anpeche vyolans sou fanm ak enfeksyon VIH

materyèl kominikasyon

Afich pouvwa

kòmanse

Afich pouvwa
Kesyon pou brase lide

1. Ki sa k ap pase nan afich sa a? Èske w konn wè menm bagay konsa k ap pase nan kominote nou an?

2. Èske gason ta dwe gen plis pouvwa pase fi lè yo nan relasyon? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?

3. Nan relasyon gason ak fi lè pouvwa gen fòs kote, kijan sa aji sou moun? Sou yon relasyon? Sou yon kominote?

4. Kijan pouvwa gason gen sou fi mete fi an danje pou yo sibi vyolans? Poukisa fi ki sibi vyolans pi fasil pran enfeksyon VIH/SIDA?

5. Èske w kwè fi ak gason ki nan relasyon kapab pataje pouvwa egalego? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?

6. Kijan ou sèvi ak pouvwa ou? Èske w sèvi ak pouvwa w yon fason diferan selon moun ki devan w?